

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Méthode Panalungtikan


Méthode panalungtikan mangrupa salah sahiji cara anu digunakeun pikeun ngahontal tujuan panalungtikan. Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif. Méthode déskriptif nya éta méthode anu digunakeun pikeun ngadéskripsikeun hiji hal, tanpa nguji hipotésis.

Tujuan méthode déskriptif nya éta nyieun gambaran sacara sistematis, faktual, jeung akurat ngeunaan fakta-fakta. Hal anu didéskripsikeun dina ieu panalungtikan nya éta istilah-istilah kasenian Celempungan anu aya di Kacamatan Pamulihan Kabupatén Sumedang.

Dina ngagunakeun ieu méthode, lain ngan saukur ngumpulkeun sarta nyusun data ngeunaan istilah kasenian Celempungan wungkul, tapi ogé ngawengku analisis ngeunaan éta data. Anu engkéna bisa nyieun hiji kacindekkan sarta bisa diimplikasikeun dina wangun bahan pangajaran.

3.2 Desain Panalungtikan

Desain anu digunakeun dina ieu panalungtikan bisa dibagankeun kieu:



Bagan 3.1:

Galur Panalungtikan

3.3 Wangenan Operasional

1) Istilah Kasenian

Istilah kasenian anu dimaksud dina ieu panalungtikan nya éta saniskara istilah anu ngarojong kana kasenian Celempungan, upamana ngeunaan waditra, pakéan, wangun ibinganana, jrrd.

2) Celempungan

Celempungan mangrupa wangun pintonan anu ngagunakeun waditra Celempung salaku waditra poko, dilengkepan ku waditra séjénna saperti kacapi, piul, jeung kecrék. Kasenian Celempungan anu aya di Kacamatan Pamulihan, dijadikeun bahan panalungtikan.

3) Bahan Pangajaran

Hal anu rék ditepikeun ku Guru ka siswa dina prosés diajar-ngajar disebut bahan ajar. Bahan pangajaran ngaregepkeun kasenian Celempungan nya éta materi anu ditepikeun ka murid.

4) SMP

SMP mangrupa wangun jenjang atikan formal sabada ngaréngsékeun sakola dasar. Dina éta jenjang diajarkeun mata pelajaran Basa Sunda nu mangrupa mata pelajaran muatan lokal. Saluyu jeung SKKD, siswa SMP kelas VIII diperedih sangkan mampu nyangking jenis-jenis kasenian. Sangkan leuwih kacangking siswa diperedih sangkan mikawanoh istilah-istilah éta kasenian.

3.4 Sumber Data

Sumber data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta sumber data dumasar ka nu ditulis ngaliwatan catetan, hasil wawancara atawa rékaman video.

Ku kituna bisa dirumuskeun saperti ieu di handap:

- 1) hasil rékaman ngeunaan pintonan kasenian Celempungan;
- 2) data ti sesepuh jeung masarakat anu aya di Desa Pamulihan, Kacamatan Pamulihan Kabupatén Sumedang anu apal kana seluk-beluk kasenian Celempungan;
- 3) data ti masarakat di sabudeureun Kacamatan Pamulihan, Kabupatén Sumedang anu apal kana seluk-beluk kasenian Celempungan.

3.4.1 Gambaran Umum Tempat Panalungtikan

3.4.1.1 Lokasi Géografis

Anu dijadikeun tempat panalungtikan téh nya éta Dusun Lembang. Dusun Lembang ayana di Désa Pamulihan Kecamatan Pamulihan Kabupatén Sumedang, pangkidulna kota Sumedang, mangrupa perbatasan jeung Kacamatan Tanjungsari. Legana Désa Pamulihan nya éta 481,125 ha. Désa Pamulihan kabagi jadi tilu dusun nya éta 1) Dusun I ngawengku Dsn Cigélang, Dsn Cibeureum, Dsn Cimasuk II, 2) Dusun II ngawengku Dsn Boma, Dsn Karangsari, Dsn Citatah, Dsn Sari Mulya, Dsn Babakan, 3) Dusun III ngawengku Dsn Gamblung, Dsn Sawah Buah, jeung Dsn Cimasuk I. Wates Désa Pamulihan nya éta; di beulah kalér diwatesan ku Désa Sukasirnarasa (Rancakalong), beulah wétan diwatesan ku Désa Cigéndél, beulah kidul diwatesan ku Désa Ciptasari, beulah kulon diwatesan

ku Désa Sukawangi. Jumlah Pendudukna 6907 urang nu kabagi jadi tilu dusun, 9 RT, 35 RT.

3.4.1.2 Sosial Budaya

1) Warga

Interaksi antar masarakat di Désa Pamulihan husuna Dusun Lembang, kawilang alus dina kahirupan sapopoéna. Masarakatna masih kénéh mentingkeun kahirupan sosialna. Hal éta katitén nalika aya nu kapapaténan, sakabéh jalma sok hideng ngabantu-bantu, dina wangun tanaga, pikiran, jeung materi sok sanajan henteu dipenta tulung. Ku kituna bisa disebutkeun yén masarakat Désa Pamulihan téh sauyunan, hirup gotong royong, sarta masarakat nu masih kénéh nyekel pageuh tali paranti karuhun Sunda.

2) Pendidikan

Kondisi umum pendidikan di Désa Pamulihan kawilang tinggaleun tibatan désa-désa séjénna. Katitén tina persentase kasang tukang pendidikanana, réréana masarakatna lulusan SD lobana 60 %, lulusan SMP lobana 17 %, sarta sésana lulusan SMA jeung sarjana.

Sok sanajan kasang tukang pendidikanana kawilang tinggaleun, tapi masarakatna miboga kaparigelan dina ngolah alam. Hal ieu katitén ku lobana masarakat nu pakasabanana salaku *pengrajin* wayang golék, tanimar, jeung batik.

1) Agama jeung Kapercayaan

Masarakat Désa Pamulihan, hususna Dusun Lembang nganut agama Islam. Loba masjid jeung musola anu sumebar di éta dusun. Kegiatan kaagamaan saperti pangajian rutin masih kénéh dilaksanakeun. Ti mimiti budak, bapa-bapa

jeung ibu-ibu. Pangajian barudak dilaksanakeun unggal poé ba'da asar. Pangajian ibu-ibu biasana dilaksanakeun saminggu sakali, nya éta poé rebo ti mimiti jam 08.00 WIB nepi ka jam 12.00 WIB. Saupama bapa-bapa, dilaksanakeun peuting dina malem jum'at ti mimiti ba'da magrib nepi ka isa.

2) Basa

Basa anu digunakeun ku masarakat Désa Pamulihan nya éta basa Sunda. Éta basa téh di paké ku masarakat pikeun komunikasi dina hirup kumbuhna. Salian ti miboga fungsi salaku komunikasi, basa Sunda dipaké pikeun mekarkeun jeung ngarojong kabudayaan nu geus aya di sabudeureun Désa Pamulihan. Salian ti éta basa Sunda dijadikeun cicirén minangka idéntitas yén masarakat Désa Pamulihan téh mangrupa suku Sunda.

3) Pakasaban

Pakasaban masarakat Désa Pamulihan ngawengku kana sababaraha widang, di antarana padagang, karyawan, tatanén, *pengrajin* jsb. Tapi réréana mah tatanén boh di sawah boh di kebon, jeung *pengrajin* wayang golék, tanimar jeung batik.

3.5 Téhnik Panalungtikan

3.5.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Aya sababaraha téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan di antarana:

1) Obsérvasi

Obsérvasi nya éta kagiatan museurkeun panitén kana hiji obyék ngagunakeun pancadria. Obsérvasi digunakeun sangkan meunangkeun data anu akurat ngeunaan istilah kasenian Celempungan anu aya di Kacamatan Pamulihan Kabupatén Sumedang.

2) Wawancara

Téhnik wawancara nya éta téhnik pikeun nyangking bahan lisan (sumber lisan). Sasaran wawancara nya éta informan anu dianggap nyaho kana seluk-beluk kasenian Celempungan.

3) Talaah Pustaka

Talaah pustaka digunakeun pikeun meunangkeun informasi ku cara ngumpulkeun data nu aya dina kamus, buku, jeung internet anu aya patalina jeung kasenian, hususna kasenian Celempungan.

3.5.2 Teknik Ngolah Data

Léngkah-léngkah ngolah data anu dilakukeun dina ieu panalungtikan, nya éta saperti ieu di handap:

- 1) ngumpulkeun istilah kasenian Celempungan tina *Kamus Umum Basa Sunda* buku-buku sumber, sarta data tina hasil wawancara;
- 2) nyatet éta istilah kasenian;

- 3) ngaidéntifikasi istilah nu aya dina kasenian Celempungan;
- 4) milah-milah data dumasar kana wangunna;
- 5) nganalisis data tina harti istilah nu aya dina kasenian Celempungan;
- 6) nyieun kacindekan hasil analisis tina harti istilah anu aya dina kasenian Celempungan.

3.6 Instrumén Panalungtikan

Nu jadi instrumén dina ieu panalungtikan di antarana mangrupa format obsérvasi, pedoman wawancara, sarta média-média pangrojong pikeun ngadokumentasikeun hasil panalungtikan, nya éta kaméra, HP, jsb. Format obsérvasi nu jadi acuan dina obsérvasi bisa ditabélkeun saperti ieu di handap:

Tabél 3.1

Format Obsérvasi

Lokasi obsérvasi : tgl./jam :

Jenis obsérvasi :

Data/hasil obsérvasi	Harti

Eusi tina pedoman wawancara mangrupa patalékan-patalékan anu rék ditanyakeun ka informan. Runtuyan patalékan-patalékan wawancara nu kasampak

dina tabél ngan saukur gurat badag tina patalékan di lapangan. Di lapangan mah bisa leuwih dilegaan atawa dikurangan gumantung kana situasi jeung kondisi inporman.

Tabél 3.2

Pedoman Wawancara

Ruang Lingkup Data	
Data Informan	Patalékan
1. Ngaran narasumber 2. Jenis kelamin narasumber 3. Umur narasumber 4. Status perkawinan 5. Alamat narasumber 6. Pakasaban narasumber 7. Jenjang atikan narasumber 8. Kalungguhan narasumber di masarakat	1. Kumaha kamekaran sajarah kasenian Celempungan? 2. Naon waé istilah nu aya dina kasenian Celempungan téh? 3. Naon harti tina Istilah kasenian Celempungan?

3.7 Prosedur Panalungtikan

3.7.1 Prosedur Ngumpulkeun Data

Data panalungtikan dicokot tina sumber lisan jeung sumber tinulis. Sumber lisan nya éta data hasil wawancara ti salah sahiji informan anu apal kana seluk beluk kasenian Celempongan. Kabeneran informan anu diwawancara téh nya éta pimpinan kasenian Celempongan. Sedengkeun sumber tinulisna dicokot tina kamus, buku, jeung internet anu aya patalina jeung kasenian Celempongan. Ari léngkah-léngkahna nya éta:

- 1) niténan *Kamus Umum Basa Sunda* (LBSS:1995) jeung buku-buku sumber lianna anu aya patalina jeung kasenian Celempongan;
- 2) nyirian kekecapan anu aya patalina jeung kasenian Celempongan;
- 3) niténan istilah nu aya dina kasenian Celempongan hasil wawancara;
- 4) ngadaptarkeun babandingan istilah kasenian Celempongan tina *Kamus Umum Basa Sunda* jeung istilah hasil wawancara.

3.7.2 Prosedur Ngolah Data

Sanggeus sakabéh data kakumpulkeun, léngkah satuluyna nya éta ngolah data. Tahap ngolah data mangrupa nyusun, nganalisis, sarta napsirkeun data anu geus kakumpukeun nepi ka bisa nyusun hiji kacindekan. Léngkah-léngkahna nya éta:

- 1) mariksa jeung niténan data-data istilah nu aya dina kasenian Celempongan, kira-kira data tina *Kamus Umum Basa Sunda* téh luyu teu jeung data hasil wawancara;
- 2) milah-milah data dumasar kana wangunna;

- 3) ngadéskrpsikeun istilah nu aya dina kasenian Celempungan;
- 4) nyieun babandingan istilah kasenian anu aya dina *Kamus Umum Basa Sunda* jeung hasil wawancara;
- 5) nyusun laporan panalungtikan.

